

Kòman pou fè kopi

Pou ou fè kopi ale nan machin eskanè ki nan bibliyotèk la. Si ou ta renmen chanje lang ki nan machin lan, ou kapab fè sa lè ou peze sou bouton "Language" ki anba adwat nan ekran an. Lè ou pare pou kòmanse, peze bouton « Press to Start » ki nan mitan ekran an.

Kounyea, seleksyone ki eskanè ou vle itilize. Apresa peze bouton "Next". Koulye ou kapab chwazi ki sa ou vle fè. Seleksyone "Scan to print" ki sitye anlè adwat nan lis la, answit peze "Next". Yon ekran rekonesans dwa otè (copyright) ap parèt. Si ou dakò ak kondisyon yo, peze bouton "Accept".

Après yo pral mande ou chwazi: konbyen kopi wap fè, koulè oswa nwa & blan, yon sèl bò oswa 2 bò, ak dimansyon papye. Lè ou fin chwazi paramèt ou vle yo, peze bouton "Next". Kounye a ou sou paj eskanè a. Asire w ke dokiman ou yo byen plase nan eskanè a, peze bouton vèt "Scan" lan. Lè ou fini eskane tout dokiman ou yo peze bouton "Next".

Kounye a, yo pral mande w pou antre non w oswa 4 dènye chif nimewo telefòn ou nan kòm "Job Information", epi peze "Next". Pwochen paj konfimasyon an ap montre w pri a nan enpresyon ou, apres a peze bouton "Next".

Kounye a ou ka ale nan ti kyòs ki toupre enprimant lan. Tape sa ou te ekri kòm "Job Information" nan ekran an epi peze "OK". Koulye a, ou pral wè kopi ou yo, peye epi peze sou bouton "Print All".

1. Chanje lang nan ekran eskanè a anba adwat si sa nesèsè, peze nan mitan ekran an "Press to Start"
2. Chwazi ki eskanè ou vle itilize
3. Chwazi "Scan-to-Print" anlè adwat ekran an
4. Dakò ak rekonesans dwa otè a (copyright)
5. Chwazi opsyon pou ou kapab fè enpresyon an
6. Mete dokiman yo nan eskanè epi peze bouton vèt "Scan".
7. Antre non w oswa 4 dènye chif nimewo telefòn ou nan kòm "Job Information",
8. Konfime pri a
9. Antre sa ou te ekri a kòm "Job Information" nan kyòs enprimant lan
10. Peye epi peze "Print All"

